

BAB III

MÉTODEU PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan

Nurutkeun Sudaryat (2014:520), minangka hiji paélmuan émpiris, élmuning basa (linguistik) téh ngawangun tiori jeung métodologi husus, nu tujulna sangkan panalungtikan téa dumuk tanggung jawabna. Satuluyna Sudaryat nétélakeun yén panalungtikan élmuning basa téh henteu miang tina kakosongan. Panalungtikan basa téh miang tina netepkeun hiji perkara anu rék dibahas.

Dumasar éta sawangan, mangka ieu panalungtikan téh miang tina nangtukeun masalah. Masalah anu dijadikeun pamiangan téh nyaéta can aya pedaran ngeunaan struktur kalimah basa Sunda buhun anu gemet. Ari kasang tukangna nyaéta beuki réana pedalan téks Sunda buhun tina naskah-naskah lontar, tapi can diguar aspék linguistikna. Sanajan geus aya panalungtikan-panalungtikan ngeunaan basa Sunda buhun saméméhna, tapi can nepi kana analisis struktur kalimah anu gembleng mah. Analisis kalimah dina linguistik modérn umumna kiwari geus maké pamarekan tiori struktural tagmémik. Pamarekan struktural tagmémik dipaké pikeun medar gejala-gejala anu muncul dina basa tina unsur fungsi, kategori, jeung peran semantis kalimahna. Ieu pamarekan téh bisa dilarapkeun pikeun nganalisis basa mana waé, kaasup basa Sunda buhun, ngan hanjakal salila ieu can kungsi dilakukeun pikeun medar basa Sunda buhun téh.

Sabada masalah geus ditangtukeun, dituluykeun kana léngkah ngumpulkeun data. Data dikumpulkeun ngaliwatan téhnik téks atawa ulikan pustaka, lantaran sumberna tina basa wangun tinulis. Instrumén anu dipaké mangrupa kartu data pikeun mantuan maluruh data basa anu geus dikumpulkeun.


Upama data geus kumpul, dituluykeun kana prosés ngolah data kalawan ngadaptarkeun kalimah jadi korpus sarta ngawilah-wilah kalimah dumasar kelompok wangunna. Sabada kalimah geus diolah, dipilampah analisis kana éta data kalimah. Dina nganalisisna teu leupas tina tiori-tiori anu ngarojong pikeun analisis kalimah, sarta dibarengan ku referénsi léksikal basa Sunda buhun tina

hasil tarjamahan téks jeung tina kamus basa Sunda buhun. Data léksikal basa Sunda buhun diperlukeun lantaran pikeun jadi dadasar nangtukeun harti, anu saterusna pikeun nangtukeun watesan-watesan klausa sarta patalina harti antarklausa.

Satuluyna, data dianalisis ngaliwatan pamarekan-pamarekan tiori ngeunaan kalimah, utamana pedaran ngeunaan kalimah dina basa Sunda kiwari. Ieu hal dilakukeun lantaran dina nganalisis data basa buhun diperlukeun dua tahapan, nyaéta métodeu analisis sinkronis anu dituluykeun ku analisis diakronis. Ari perluna analisis diakronis téh lantaran basa anu geus paéh ti mangsa bihari teu bisa dianalisis langsung strukturna tanpa ngabandingkeun jeung basa sarungkun anu hirup dina mangsa kiwari. Wangun jeung struktur kalimah dina basa Sunda buhun kakara bisa dianalisis sabada dibandingkeun jeung basa Sunda kiwari. Tina éta babandingan bisa kapanggih sasaran, bébédaan jeung parobahan struktur kalimahna.

Sanggeus prosés analisis data réngsé dipigawé, tuluy dicindekkeun luyu jeung watesan masalah anu geus ditangtukeun ti anggalna. Ieu kacindekan téh bisa dipaké pikeun ningali gambaran kaayaan basa Sunda buhun, hususna tina aspék kalimahna. Upama digambarkeun mah, desain ieu panalungtikan téh diagramna saperti ieu di handap.

Diagram 3.1
Desain panalungtikan



Ieu panalungtikan didasaran ku pamarekan sinkronis jeung diakronis kalawan maké métodeu déskriptif. Ieu analisis tujuanna pikeun manggihkeun wangun-wangun kalimah tina basa anu ditalungtik. Mimitina data dianalisis dumasar pamarekan sinkronis, dituluykeun ku analisis dumasar pamarekan diakronis. Hal ieu dilakukeun pikeun nangtukeun peran semantis basa Sunda buhun, dumasar kana babandinganana dina basa Sunda kiwari.

Nurutkeun Sudaryat (2014:54) analisis sinkronis téh nyaéta métodeu anu nganalisis data dina hiji kurun waktu nu tangtu. Larapna dina ieu panalungtikan pikeun basa Sunda buhun nyaéta dina prosés nangtukeun unsur fungsi kalimahna. Dina ieu léngkah, kalimah dianalisis sagemblengna tanpa dilakukeun babandingan jeung basa Sunda kiwari.

Ari analisis diakronis nyaéta métodeu anu nganalisis basa dina dua kurun waktu anu béda. Analisis diakronis dina linguistik sok disebut ogé analisis historis komparatif. Larapna dina ieu panalungtikan nyaéta data kalimah anu geus dianalisis sarta diuwuhan ku tanda-tanda (notasi) pikeun unsur pangeusi fungsina, tuluy ditambahan ku tarjamahan léterlek unggal kecapna ngaliwatan téhnik translasional. Kalimah anu geus diuwuhan ku tarjamahan unggal kecapna tuluy diuwuhan ku wangun kalimah anu ilahar dina basa Sunda kiwari. Ku cara kitu, bisa kapanggih sasaruana, bébédaan jeung parobahan anu aya dina basa Sunda buhun jeung basa Sunda kiwari.

3.2 Sumber Data

Sumber data anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta téks hasil alih aksara (transliterasi) tina hiji naskah Sunda buhun wangun prosa. Téks naskah anu dimaksud téh nyaéta *Carita Parahyangan*. Naskah *Carita Prahiyangan* téh mangrupa koléksi husus Perpustakaan Nasional RI, disimpen dina koropak kodeu 406 anu ditulis ahir abad ka-16 M. Téks ditulis dina 47 lambar daun lontar ukuran 21 x 3 cm. Tulisanna maké aksara Sunda buhun anu dina unggal lambarna aya opat jajar aksara. Alih aksara jeung tarjamahan dipilampah ku Atja taun 1968. Eusina mangrupa carita sajarah ngeunaan tanah Sunda, utamana kakawasaan di dua puseur dayeuh Karajaan Sunda nyaéta Karaton Galuh jeung Karaton Pakuan.

Ilham Nurwansah, 2014

KALIMAH BASA SUNDA DINA TÉKS PROSA SUNDA BUHUN ABAD KA-16: (Ulukan Struktur jeung Semantis)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.3 Ngumpulkeun Data

Hakékat panalungtikan basa téh nyaéta kagiatan medar idéntitas obyék sasaran (obyék panalungtikan) dina hubunganana jeung sakumna kontéks anu ngamungkinkeun hadirna éta obyék panalungtikan (Mahsun, 2013:30). Mahsun nétélakeun yén éta hakékat panalungtikan basa téh boga peran anu gedé dina tahap nyadiakeun data. Dumasar kana éta hal, mangka tugas utama dina nyadiakeun data téh nyaéta manggihkeun sakabéh tipeu data anu diperlukeun boh anu gramatikal jeung *berterima*, boh nu henteu (Mahsun, 2013:106).

Pikeun manggihan data anu dimaksud kitu téh perlu diayakeun tarékah anu sistematis kalawan maké instrumén jeung téhnik anu luyu jeung obyék panalungtikanana. Dina ieu panalungtikan, instrumén jeung téhnik panalungtikan téh ditataan saperti ieu di handap.

3.3.1 Instrumén Panalungtikan

Instrumén anu dipaké minangka panungtun prosés ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta kartu data. Dina kartu data diasupkeun data ngeunaan klasifikasi wangun kalimah, kodeu naskah, kaca, alinéa jeung nomer kalimah tina téks naskah. Ieu instrumen dipaké pikeun ngawilah-wilah kalimah dumasar kana kelompok wangunna. Data anu diasupkeun kana kartu data gunana sangkan gampang mariksa deui kalimah tina posisina dina téks sumber data.

Rarancang kartu data anu dijieun tuluy dilarapkeun kana sistem komputerisasi. Maksudna, kartu data dipaké pituduh dasar dina ngasupkeun data kalimah maké komputer sangkan prosés ngolahna leuwih gancang.

Gambar 3.1
Kartu data

KARTU DATA KALIMAH	
Kalimah	: (465) <i>leumpang sang apatih ka buruan ageung</i> . (CP/4/7/1)
Fungsi	: P S K
Wangun	: Salancar Jembar
Adegan	: P + S + K

Keterangan:

(465) : kodé kalimah tina korpus data

(CP/4/7/1) : perenahna kalimah dina téks

CP = Carita Parahiyangan

4 = nomer kaca

7 = nomer paragraf

1 = nomer kalimah

P : Predikat

S : Subjék

K : Keterangan

3.3.2 Téhnik Ngumpulkeun Data

Pikeun ngumpulkeun data basa Sunda buhun, ieu panalungtikan maké téhnik téks atawa studi pustaka. Gunana pikeun maluruh jeung meunangkeun data tina sumber data wangun tinulis. Ari ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan téh kieu carana:

- a. Néangan hasil alih aksara téks prosa Sunda buhun tina buku-buku terbitan naskah Sunda buhun édisi téks.
- b. Milih hiji téks prosa anu luyu pikeun sumber data ieu panalungtikan.
- c. Téks hasil alih aksara tina sumber data disalin sakumna dina hiji file, kalawan disaragemkeun éjahanana.
- d. Teks anu geus disalin tuluy diwuwuhan ku kodeu kalimah jeung dipisahkeun maké nomer pikeun nuduhkeun perenahna dina téks.
- e. Kalimah anu geus diwuwuhan kodeu tuluy didaptarkeun sacara alfabétis kana korpus data.
- f. Daptar kalimah anu geus alfabetis satuluyna diwuwuhan nomer data korpus.


3.4 Analisis Data

Pikeun nganalisis data kalimah basa Sunda buhun dipaké téhnik analisis unsur langsung (*Immediate constituent (IC) analysis*). Ieu téhnik analisis téh mangrupa téhnik anu niténan unsur-unsur basa anu langsung ngawangun unsur saluhureunna (Hockket, 1963 dina Sudaryat 2014:58). Upamana baé, dina nangtukeun unsur fungsional kalimah (S, P, O, Pang, jeung K). Unggal kalimah

bisa kapanggih unsur langsungna saperti conto anu dipidangkeun dina diagram ieu di handap.

Diagram 3.2

Analisis unsur langsung




Analisis unsur langsung téh maké pamarekan sinkronis. Basa Sunda buhun langsung dianalisis unsur-unsurna dumasar kanyataan nu aya dina basana, tanpa dibandingkeun jeung basa Sunda kiwari. Ku cara kieu unsur-unsur pangeusi kalimahna bisa langsung kanyahoan. Upama geus kapanggih unsur-unsurna, tuluy dilakukeun analisis maké pamarekan diakronis. Gawéna nyaéta ngabandingkeun kalimah Sunda buhun jeung Sunda kiwari dumasar strukturna. Cara pikeun ngabandingkeun téh ngaliwatan téhnik translasional (tarjamah léterlek) kana unggal kecap dina kalimah. Ieu téhnik dipilampah sangkan harti lésik al unggal kecapna kapanggih. Ari gunana nyaéta minangka dadasar dina maluruh peran semantis unggal unsur pangeusina jeung patali antarklausa dina kalimah.

Téhnik pikeun ngolah data kalimah téh perlu diwujudkeun ngaliwatan léngkah-léngkah anu kongkrit sangkan panalungtikan bisa dilakukeun sacara sistematis. Léngkah-léngkah kudu dilakukeun sacara sistematis sangkan informasi tina data bisa kaguar kalawan wincik. Léngkah anu mangrupa lajuning laku tina ngumpulkeun data téh nyaéta ngolah jeung nganalisis data.

Dina ieu panalungtikan, data anu geus dikumpulkeun dipasing-pasing dumasar kelompok wangun kalimahna, nyaéta wangun kalimah salancar basajan, kalimah salancar jembar, kalimah ngantét satata, jeung kalimah ngantét sumélér. Carana nyaéta ku nangtukeun heula unsur-unsur pangeusi fungsi kalimah sacara sinkronis, kalawan maké téhnik analisis unsur langsung.

Ku cara kieu fungsi kalimah kayaning subjék (S), prédikat (P), objék (O), panglengkep (Pang), jeung katerangan (K) bisa kapanggih. Upama unsur fungsionalna geus kapanggih, tuluy dibandingkeun jeung pola kelompok kalimah tiori papasingan kalimah, sangkan bisa nangtukeun éta kalimah téh asup kana kelompok kalimah naon. Léngkah ieu upama digambarkeun mah jadi saperti diagram di handap.

Diagram 3.3
Nangtukeun wangun kalimah




Léngkah satuluyna nyaéta nangtukeun kategori unsur pangeusi fungsi kalimah anu geus dipasing-pasing wangunna. Upama geus ditangtukeun kategorina unsur pangeusi fungsina, tuluy diuwuhan tarjamahan kana unggal kecap. Tarjamahan anu diuwuhkeun téh nyaéta harti léksikal, sabab sangkan harti unggal kecapna katémbong. Upama geu diuwuhan tarjamahan unggal kecapna, kakara diuwuhan ku tarjamah kalimah sacara gembleng. Gunana pikeun némbongkeun aya henteuna bébédaan antara basa Sunda buhun jeung basa Sunda kiwari. Upamana baé dina conto kalimah salancar ieu di handap.

Kalimah	: <u>sang manisri dijeun buyuthadén rahaséa di puntang.</u>	} 1. nangtukeun fungsi } 2. nangtukeun kategori } 3. nangtukeun peran } 4. méré tarjamah léterlek } 5. méré tarjamah gembleng
Fungsi	: S P Pang K	
Kategori	: FN V FN FPrep	
Peran	: 'palaku' 'kalakuan' 'pangrandap' 'tempat'	
Tarj. Kecap	: sang manisri dijeun buyuthadén rahaséa di puntang	
Tarj. Kalimah	: 'sang manisri dijeun buyuthadén rahaséa di puntang'	


Kalimah di luhur kaasup kana kalimah salancar jembar. Éta kalimah téh diwangun ku nomina *sang manisri* anu nyicingan fungsi subjék (S) jeung mibanda peran ‘palaku’, verba *dijieun* anu nyicingan fungsi prédikat (P) jeung peran ‘kalakuan’, frasa nomina *buyuthadén rahaséa* anu nyicingan fungsi panglengkep (Pang) jeung mibanda peran ‘pangrandap’, jeung frasa préposisional *di puntang* anu nyicingan fungsi katerangan jeung mibanda peran ‘tempat’. Dumasar tarjamah kalimah sagemblengna dina basa Sunda kiwari, conto kalimah Sunda buhun anu dipidangkeun di luhur téh katémbong mibanda struktur anu sarua. Upama dipolakeun mah jadi saperti kieu.

$KSJ \rightarrow S:FN + P:V + Pang:FN + K:FPrep$

Sangkan leuwih jelas, pola di luhur téh digambarkeun dina diagram ieu di handap.



(125) *datang rahiyang banga, ceurik teher mawakeun sekul kana panjara wesi.*



Éta kalimah di luhur mangrupa kalimah ngantét satata anu diwangun ku dua klausa anu disambungkeun ku konjungsi *teher*. Ku kituna éta kalimah téh kaasup kalimah sindétis. Klausa 1) diwangun ku verba *datang* anu nyicingan fungsi prédikat, *nomina rahiyang banga* anu nyicingan fungsi subjék, jeung *ceurik* anu nyicingan fungsi katerangan. Klausa 2) diwangun ku verba *mawakeun* anu nyicingan unsur subjék, *nomina sekul* anu nyicingan fungsi objék, jeung frasa préposisional *kana panjara wesi* anu nyicingan fungsi katerangan.

Patali harti antar klausa anu ditandaan ku konjungsi *teher* (‘tuluy’) nyaéta mangrupa kalimah tumuluy. Hal anu dilakukeun dina klausa 1) dituluykeun ku hal anu dilakukeun dina klausa 2).